



**Knox County Schools
Class of 2020 Graduation
June 8-20, 2020**

Kugira ibirori no kwizihiza abanyeshuri barangiza ishuri rya 2020, amashuri ya Knox county azokorera ibirori vya graduation hanze kuva tariki ya 8 - 20 z'ukwa Gatandatu, 2020. Ibirori bizokoregwa ku kibuga c'umupira c'iryo shuri nyene, uretse Career Magnet Academy, Paul Kelly Academy na L&N STEM Academy zizobikorera kuri Central High School. Ridgedale na K.A.E.C zizobikorera ku mashuri yabo. Urutonde rwavyo murarubona hasi.

Uwurangiza wese azohabwa amatike yo kuzana *abashitsi bane gusa*. Mumenye kandi ko dukurikije aho kwicara mu bibuga vyacu, tukanakwirikiza amategeko yuko abantu bicara batandukanye nkuko bisabwa, ntitwizera ko umuntu wese azobona icicar. Ariko tuzokora uko dushoboye twakirire abashitsi ku mpande zose z'ibibuga.

Nubwo twari kuryohegwa graduation ikozwe uko bisanzwe, mumenye ko abakozi b'ishuri na district bari gukora cane kugira ngo uwo muni uzobe igitangaza k'uburyo abanyeshuri bazonezegwa gose kandi tuzokora uko dushoboye turinde kominoti yacu.

Abazoba bese bagomba gukurikiza amategeko yo kutegerana, bakambara masks canke udutambara dukingira amazuru n'umunwa, kandi ukaguma muhira nimba ufise umuriro, inkorora canke ibindi bimenyetso.

Turazi ko bamwe bazokumva bibagoye kujayo canke ntibabishobore. Ibirori vyose mushobora kubikurikira ku vyuma vya kijambere kandi tuzobifata uwubisavye tubimuhe. Icongoyeko, umuryango w'umunyeshuri wese uzoronka ivyo twafashe.

Birashoboka ko diplome canke ivyo kuzishiramwo bitazoboneka ku muni w'ibirori. Bigenze gutyo, tuzoba tubahaye certifika z'agateganyo, hanyuma diplome n'ico kuyibikamwo tuzobirungikira umunyeshuri mw'iposta. Mutubabarire kubera ivyo kuko COVID-19 yatumye inganda zugara, bituma batabikora ngo babiturungikire nkuko vyari biteganijwe.

Ibindi mukeneye kumenya ishuri ryanyu rizogenda ribibagezako vuba.

Ibirori vyo kurangiza amashuri ya Knox County 2020

Ibirori vya Graduation bizoba kuva tariki 8-20 z'ukwezi kwa Gatandatu, 2020 ku kibuga c'iryo shuri nyene, uretse Career Magnet Academy, Paul Kelly academy na L&N STEM Academy, bazobikorera kuri Central High School. Ridgedale na K.A.E.C bazobikorera ku mashuri yabo.

Ku wa mbere, itariki 8 z'ukwa 6

9 a.m.– Halls High School

7 p.m. – Powell High School

Ku wa Kabiri, Itariki 9 z'ukwa 6

9 a.m. – Kerns High School

7 p.m. – South-Doyle High School

Ku wa Gatatu, itariki 10 z'ukwa 6

Hari imvura

Ku wa Kane, itariki 11 z'ukwa 6

9 a.m. – Carter High School

Sa sita – Ridgedale School

7 p.m. – Fulton High School

Ku wa Gatanu, itariki 12 z'ukwa 6

9 a.m.– Austin-East High School

Sa sita–K.A.E.C.

7 p.m. – Gibbs High School

Ku wa Gatandatu, itariki 13 z'ukwa 6

9 a.m. – Central High School

7 p.m. – Bearden High School

Ku wa Mbere, itariki 15 z'ukwa 6

9 a.m. – Paul Kelley Academy (at Central High)

7 p.m. – Hardin Valley Academy

Ku wa Kabiri, itariki 16 z'ukwa 6

9 a.m. – L&N STEM Academy (at Central High)

7 p.m. – Career Magnet Academy (at Central High)

Ku wa Gatatu, itariki 17 z'ukwa 6

Hari imvura

Ku wa Kane, itariki 18 z'ukwa 6

7 p.m. – West High School

Ku wa Gatanu, Itariki 19 z'ukwa 6

7 p.m. – Farragut High School

Ku wa Gatandatu, Itariki 20 z'ukwa 6

Hari imvura